

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab medar ngeunaan métode panalungtikan nu ngawengku sababaraha unsur, nyaéta desain panalungtikan, sumber data panalungtikan, prosés ngumpulkeun data, intrumén panalungtikan, jeung prosés analisis data. Sacara étimologis, kecap métode asalna tina basa Latin, *methodos* nu ngakar kana kecap *meta* jeung *hodos*. *Meta* hartina ngaliwatan, nuturkeun, atawa sanggeus, sedengkeun *hodos* hartina jalan, cara, atawa arah. Ratna (2012, kc. 34) nétélakeun yén métode téh alat pikeun ngabasajankeun masalah sangkan leuwih babari diréngsékeun jeung dipakapaham. Nurutkeun Faruk (2014, kc. 55) métode panalungtikan nyaéta cara nyangking pangaweruh ngeunaan hiji objék nu disaluyukeun jeung karakter objék sacara tiori. Ku kituna, métode panalungtikan boga udagan pikeun ngaguar hiji objék dumasar masalah-masalah nu kapanggih ku panalungtik kalayan kanap kana tiori nu patali jeung objék panalungtikan.

Métode nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta métode déskriptif. Kecap déskriptif asal kecapna tina basa Inggris *to describe* nu hartina ngajelaskeun hiji hal, misalna kaayaan, kajadian, kagiatan atawa hal séjén, nu hasilna dijelaskeun dina wangun laporan panalungtikan (Arikunto, 2010, kc. 3).


Pamarekan nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta pamarekan objéktif kalayan maké tiori struktural jeung sémiotik. Tiori struktural dipaké pikeun ngadéskripsikeun struktur naskah drama *Muntangan Alif*, sedengkeun tiori sémiotik digunakeun pikeun ngaguar ma'na nu nyampak dina naskah drama *Muntangan Alif*.

#### 3.1 Desain Panalungtikan

Dina ngalakukeun panalungtikan, tangtu panalungtik kudu nataharkeun sagala nu dibutuhkeun dina prosés panalungtikan. Sangkan panalungtikan

lumangsung sacara lancar, ku kituna dina ngalakukeun panalungtikan diperlukeun hiji desain. Desain panalungtikan boga tujuan pikeun ngalaksanakeun panalungtikan nepi ka nyangking hiji logika, boh dina nguju hipotésa boh dina nyieun kacindekan. Singgetna desain panalungtikan téh peta konsep atawa rarancang sangkan panalungtikan bisa ngahontal tujuanna.

Desain panalungtikan nu dipaké dina panalungtikan naskah drama *Muntangan Alif* karya R. Hidayat Suryalaga kalayan ulikan struktural jeung sémiotik, sacara gurat badag digambarkeun dina ieu bagan di handap.



**Bagan 3.1**  
**Desain Panalungtikan**

### 3.2 Sumber Data

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 172), sumber data mangrupa subyékna panalungtikan. Ku ayana sumber data, masalah anu baris ditalungtik bisa dipikanyaho.

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta naskah drama *Muntangan Alif* karya R. Hidayat Suryalaga anu ditalungtik sacara struktural jeung sémiotik sarta dijadikeun bahan pangajaran maca drama di SMP/MTs. Naskah drama *Muntangan Alif* mangrupa naskah drama karya R. Hidayat Suryalaga. Anjeunna téh kaasup pangarang naskah drama nu *produktif*. Naskah-naskah drama karya R. Hidayat Suryalaga ilaharna patali jeung masalah-masalah sosial nu nyampak dina kahirupan masarakat, tapi ditepikeun kalayan cara nu teu togmol. Ku kituna, naskah drama karya R. Hidayat Suryalaga teu bisa langsung dipikapaham.

Naskah drama *Muntangan Alif* ogé kaasup naskah drama nu teu bisa dipikapaham dina sakali maca. Kudu dibaca sababaraha kali pikeun meunangkeun ajén-inajén anu nyampak dina naskah drama *Muntangan Alif*. Naskah drama *Muntangan Alif* mimiti digarap 3 fébruari – réngse 8 februari 2009 kalayan diropea deui kaping 12 november 2009.

Jumlah kaca dina ieu naskah drama nyaéta 38, babak dina naskah drama aya sababak kalayan 28 adegan. Eusi carita dina unggal adegan ditepikeun ngaliwatan narasi jeung dialog. Jumlah narasi nu aya dina naskah drama *Muntangan Alif* nyaéta 83, sedengkeun jumlah dialogna 203. Dina ieu naskah drama katitén pangarang ngabédakeun cara nulis narasi jeung dialog. Narasi sakabéh ditulis make huruf kapital, sedengkeun dialog, salian ti ditulis ngaran palaku nu nyarita, ogé ditulis nomer dialogna.

Kaca kahiji naskah drama *Muntangan Alif* ngawengku judul naskah, ngaran pangarang, jeung ngaran-ngaran palaku. Kaca ka-38 nyaéta kaca pamungkas, nu ngawengku narasi atawa épilog pamungkas, sarta narasi dijieunna ieu karya nu dilengkepan ku ngaran pangarang.

### 3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Tyas Agung Pratama, 2017

Naskah Drama *Muntangan Alif* Karya R. Hidayat Suryalaga Pikeun Bahan Pangajaran Maca Drama Di Smp/Mts

repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Téhnik nu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta studi pustaka (talaah pustaka). Ieu téhnik digunakeun boh waktu ngumpulkeun data nu baris dianalisis, boh waktu néangan sumber tiori nu dijadikeun dadasar dina ieu panalungtikan.

Dumasar kana téhnik di luhur, léngkah-léngkah ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta:

- a) nyieun rancangan prosedur panalungtikan;
- b) néangan naskah drama;
- c) maca naskah drama *Muntangan Alif* karya R. Hidayat Suryalaga;
- d) nyirian struktur jeung unsur sémiotik naskah drama *Muntangan Alif* karya R. Hidayat Suryalaga;
- e) nyalin struktur jeung unsur sémiotik nu aya dina naskah drama *Muntangan Alif* karya R. Hidayat Suryalaga kana kartu data.

### 3.4 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan dimimitian ku ngawincik data-data dina naskah drama *Muntangan Alif*, satuluyna masalah-masalah nu aya dipedar dina wangun pedaran. Léngkah-léngkah dina ngolah data, dipedar ieu di handap.

#### 1) Déskripsi

Dina ieu panalungtikan didéskripsikeun eusi naskah drama *Muntangan Alif*, tuluy sakabéh data nu kakumpul dipatalikeun jeung masalah nu baris ditalungtik.

#### 2) Analisis

Data nu geus didéskripsikeun tuluy dianalisis saluyu jeung masalah nu dipedar. Saenggeus eusi naskah drama *Muntangan Alif* didéskripsikeun, data-data nu aya tuluy dianalisis strukturna, kalayan merhatikeun unsur intrinsik nu aya dina ieu naskah drama. Analisis satuluyna diteruskeun ku analisis sémiotik nu aya dina ieu naskah. Saenggeus dianalisis sacara sémiotik, satuluyna data

diinterpretasi. Ieu interpretasi dipaké pikeun ngaguar ma'na nu aya dina naskah drama *Muntangan Alif*.

### 3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta alat atawa pasilitas anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data (Arikunto, 2010 kc. 203). Sedengkeun instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data. Kartu data digunakeun pikeun nganalisis struktur jeung sémiotik. Salasahiji pormat kartu datana saperti ieu di handap.

**Tabél 3.1**  
**Kartu Data**  
**Tipe Latar**

No.	Kode	Tipe Latar			Data	Interpretasi
		Sos	Géo	Wkt		

Contona : a) Kode 16/17/I

b) Kode a/17/I

Keterangan:

Sos : sosial

Géo : géografis

Wkt : waktu

16 : nomor urut paguneman

a : nomor urut *wawancang/side text*

17 : kaca

I : adegan

**Tabel 3.2**  
**Kartu Data**

Tyas Agung Pratama, 2017

Naskah Drama *Muntangan Alif* Karya R. Hidayat Suryalaga Pikeun Bahan Pangajaran Maca Drama Di Smp/Mts

repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

### Gaya Basa

No.	Kode	Réferent	Tipe	Interprétasi

Contona: a) Kode 16/17/I

b) Kode a/17/I

Katerangan:

16 : nomor urut paguneman

a : nomor urut *wawancang/side text*

17 : kaca

I : adegan

### Tabel 3.3

#### Kartu Data

#### Interprétasi kana Ikon

No.	Kode	Tipe			Objék analisis	Interpretasi
		Img	Dmg	Mtf		

Contona: a) Kode 16/17/I

b) Kode a/17/I

Katerangan:

Img : imagis

Dmg : diagramatis

Mtf : métaforis

16 : nomor urut paguneman

a : nomor urut *wawancang/side text*

17 : kaca

**Tyas Agung Pratama, 2017**

*Naskah Drama Muntangan Alif Karya R. Hidayat Suryalaga Pikeun Bahan Pangajaran Maca Drama Di Smp/Mts*

repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

I : adegan

**Tabél 3.4**  
**Kartu Data**  
**Interprétasi kana Indéks**

No.	Kode	Objék Analisis	Tipe	Interprétasi

Contona: a) Kode 16/17/I

b) Kode a/17/I

Katerangan:

16 : nomor urut paguneman

a : nomor urut *wawancang/side text*

17 : kaca

I : adegan

**Tabél 3.5**  
**Kartu Data**  
**Interprétasi kana Simbol**

No.	Kode	Objék Analisis	Interprétasi

Contona: a) Kode 16/17/I

b) Kode a/17/I

Katerangan:

16 : nomor urut paguneman

a : nomor urut *wawancang/side text*

**Tyas Agung Pratama, 2017**

*Naskah Drama Muntangan Alif Karya R. Hidayat Suryalaga Pikeun Bahan Pangajaran Maca Drama Di Smp/Mts*

repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

17 : kaca  
I : adegan